

Konsèy pou edikasyon a distans:

Fanmi Elèv Segondè yo (Klas 6 - 12)



Avèk bilding lekòl yo ki fèmen, nou tout nan Lekòl Piblik Cambridge yo ap travay di pou jwenn fason kreyatif pou nou fè edikasyon a distans gé, angaje, e réyisi pou elèv ki gen tout laj. Men kèk konsèy pou fanmi yo kenbe elèv yo aktif, angaje, e an bònn sante nan kay la.



Etabli yon woutin, épi kenbe l.

Mem jan avèk timoun piti yo, adolesan yo boujonnen sou estrikti ak woutin. Li ka pi difisil pou kenbe elèv ki pi gran yo, men ka sijere yo fè pwòp orè yo chak jou. Konsantre sou travay lekòl yo nan you ogmantasyon rezonab. Pa mété tròp anfaz sou yon orè ki strik pito bati yon orè sou konsistans ki genyen tan pou yo aprann ak kè kontan, amizman, egzèsis, manje, ak dòmi.



Pale ak elèv ou a.

Aprann nan kay se yon gwo ajisteman pou nou tout. Li pi difisil pou elèv ki pi gran yo an patikilye paske yo manke zanmi yo e yo kapab mem fristre a koz ke yap manke aktivite enpòtan pou fen ane a, espesyalman si se dènye ane yo nan lekòl yo, lekòl anwo oswa lekòl segondè. Pale avèk elèv ou a sou eksperyans li pandan lap esye aprann lè bilding lekòl yo fèmen. Ede pitit ou simonté nenpòt pè oswa enkyetid ak asirans, ankourajman, épi lwanj paske lap travay di nan moman difisil sa a.



Konekte avèk pwofesè elèv ou yo.

Pwofesè yo fè tout efò possib yo pou yo kenbe interaksyon de-fason avèk elèv yo. Pwofesè yo ap rete an kontak avèk elèv yo pa telefòn, imèl ak rapèl app la, avèk lòt fason. Pwofesè lekòl segondè yo disponib pou sipòte elèv yo nan tan reyèl pandan yon blòk 30 - 45 minit chak jou. Elèv lekòl segondè yo patisipe nan leson Google Rankontre e yo ka konekte ak pwofesè yo pandan lè biwo yo. Mande elèv ou a enfòmasyon sou orè yo, pwojè yo, epi si yo te asiste sesyon klas yo. Kontakté pwofesè elèv ou yo, direktè lekòl la oswa lyezon pou fanmi yo, si ou bezwen asistans.



Sòti deyò pou al fè egzèsis.

Ankouraje elèv ou a rete aktif. Fè egzèsis regilyèman ap ede kenbe sante fizik ak mantal yo. Si elèv a konn jwe nan eki espò, ankouraje yo pou kontinye ak cardio ak leve fè nan kay la oswa deyò. Si yo pral deyò, fè yo sonje pou mete mask epi kenbe distans yo omwen 6 pye avèk moun ki pa rete nan mem kay avèk yo. Mem lè gen lapli deyò a ou kapab degoudi w lè ou fè kèk ti mouveman andedan kay la.



Bay elèv ou yo opòtinite pou yo devlope indepandans ak responsablite.

Fè elèv yo ede w nan kèk travay ki gen pou fèt nan kay la/ oswa fè yo ede vwazen aje yo a distans. Sipòte opòtinite pou elèv yo rete konekté ak zanmi yo pratikman nan telefòn ak videyo chat. Siveye itilizasyon medya sosyal: gen anpil istwa sou viris la sou entènèt kèk avèk enfòmasyon itil ak kèk ki ka ogmante enkyetid.



Anmize w!

Moman sa a se pa tan pou nou “travay san rete épi pa gen anmizman”. Li pi enpòtan pou pase plis tan ak fanmi an, pou nou jwenn fason kreyatif pounn pase bon moman ansam e pran ti plezi nou ak yonn lòt. Gade videyo komik, bay blag, jwe jwèt, kwit manje, chante ou byin danse, fè tout sa ki fè fanmi ou pi kontan.

Pou plis enfòmasyon, vizite cpsd.us/athome. Si ou gen kesyon oswa enkyetid tanpri kontakte lekòl pitit ou a, oswa voyé yon imèl nan cps@cpsd.us.